Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 4 (7508)
27 январь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Проект

## Дагъистаналда газ бачиналъе



**26 январалда Дагъистаналъул БетІер Сергей Меликовас лъазабуна кІудияб кІвар бугин регионалда газовияб комплекс хІалтІизабиялъул, гьелъ рес кьезе бугин республикаялъул гІадамазул рукІа-рахъиналъул даража борхиялъе. Гьаб соналда 2 азаргоялдаса цІикІкІун рукъзабахъе газ бачине хІисабалде босун буго. Гьеб мурадалъе гІоло биччан буго 900 млн. гъурущ. Гьедин лъазабуна пресс-хъулухъалде регионалъул бетІерас.**

«Гьеб кІудияб кІвар бугеб суал буго Дагъистаналъе, газ бачиналъ гІаммаб магІишат цебе бачиналъе цІикІкІараб квербакъи щвезе буго дагъистаниязе. Амма газалъулаб комплекс цебетІеялъул захІмалъаби цІикІкІине руго ТЭКалъе ва ЖККялъе. Газалдалъун хьезари буго цІикІкІараб кумек гІумро гьабиялъе кьолеб проект, районал газалдалъун хьезари гуребги гьелъ рес кьезе буго Россиялъул субъектал гІаммаб уровеналде рачине, гьеб рахъалъ нилъ гІемерго нахъе ккун рукІинги хІисабалде босун»,-абун бихьизабулеб буго С. Меликовас.

Гьелдаго цадахъ газификация цебетІеялъ рес кьезе буго республикаялъул экономикияб рахъ цебетІеялъеги.

Регионалда тасдикъ гьаризе руго сводниял ва объектазулал планал – графикал газ бачунел бакІалги рихьизарун, гьоркьоре росун руго гьаб соналъе 2,046 рукъзал.

«Газпром газораспределение Дагестана» компаниялъул директор ккола Олег Чичлинцев, гьаб соналда гьеб хІалтІизе компаниялъе биччан буго 900 млн.

ГьабсагІаталда республикаялда газ бачиналъул бугеб хІалалъ рази гьаруларо,-ян бихьизабулеб буго С. Меликовас. Гьелъие аслияб гІилла буго нахъе рахъизе кколел бакІал рукІин ва газ бикьиялъул сетазул къуват дагьаб букІин, бетІергьаби ругел объектазул рукІалиде ккараб хІалтІи гьечІолъи ва гь. ц.

Регионалъул бетІерас лъазабуна жинцаго нухмалъи гьабизе бугин газ бачиналъул ва ЖККялъулги цолъараб оперативияб штабалъе, гІуцІизе ругин хІалтІулал группаби. Гьезие нухмалъи гьабизе бугин энергетикаялъул ва бакІал раялъул министраз,-абун.

Цебего Россиялъул Президент В. Путиница дида тІад къан буго Дагъистаналъул территория; шагьарал, росаби газалдалъун хьезариялъе ругел проектал гІумроялде рахъин хехлъизабеян.

Коронавирус

## Вакцина гьабизин

26 январалда Дагъистаналда коронавирусалъул ахирисеб пандемиялъ рекорд лъуна – сордо-къоялда жаниб унтаразул къадар бахана 39І чиясде,-ян хъвалеб буго COVID – І9 ялде данде къеркьолеб федерлиябгун оперативияб штабалъ.

Цебеккунисеб цІикІкІараб къадар букІана 22 январалда – 342 унтарав, 27 январалде абуни тІатинабун буго 70,5 азаргоялдаса цІикІкІарав коронавирусалъул носитель, тІолабго пандемиялъул заманалда,-абун.

Хасал баяназда рекъон пандемия байбихьаралдаса хвана 303 азарго ковидалъ унтарав. Ахирисеб пандемиялъул заманалда хвана 3 чи.

Дагъистаналъул сахли цІуниялъул министр Т. Беляевалъ лъазабуна республикаялда вирусалда хурхун захІматаб хІал лъугьун бугин. Сордо-къоялда жаниб 200 чиясде хехаб кумек ахІарал лъугьа-бахъинал ругин. РачІа вакцинация гьабизин!

## РакІ-ракІалъ баркула!

Унсоколо районалъул Балахьуни росулъа РДялъул Правительствалъул Председателасул заместителасул тІоцевесев кумекчи МухІамадов Шамиль ИсмагІиловичасе кьун буго РДялъул Правительствалъул ХІурматияб Грамота.

ХІурматияв Шамиль ИсмагІилович! «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул, ЖамгІияб Палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракІ-ракІалъ баркула Дуда мустахІикъаб, тІадегІанаб шапакъат. Дур тІадегІанал гІаданлъиялъулал качествабазда битІухъего данде кколеб буго гьеб.

Гьарула, Дуе, гІумроялъулъ хадубккунги битІккей, цогидалги рекІел мурадал тІурай. Сахаб гІумро, гІемерал талихІал къоял, захІматал хІалтІул къоязулъ битІккей, Дагъистан хадубккунги цебетІезабиялъулъ къуват, Дуе!

**ХІурматгун**
**ГІ. НУРМУХІАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетІер.**

**(Шамиль МухІамадовасул хІакъалъулъ цІале 4 гьумералда)**

Данделъаби

## Лъим чІезабиялъул суалгун



2І январалда районалъул администрациялда букІана Шамильхъалаялда лъел суал тІубазабиялде буссараб данделъи. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетІерасул зам. Хъ-М. ГІабдулхаликъовас.

Поселокалда лъел бугеб хІалалъул дандбазе ахІун рукІана администрациялъул «УСЭЗ и ЖКХ» отделалъул хІалтІухъаби.

Бугеб хІал лъазеги гьабун хІукму гьабуна І2:00 ялдаса І6:00 щвезегІан Шамильхъала ва Рихьуни росабалъе лъим къотІизабизе, поселок лъедалъун хьезабиялъе резервуарал цІезари мурадалда.

## ПЦРалъул тестал кьуна

20 январалда районалъул администрациялъул хІалтІухъабаз ва гьелъул бетІерас тестал кьуна ковидалъ унтун ругищали лъаялъе.

Гьединаб жавабчилъиги хІажалъула бугеб хІалалда хадуб хал кквеялъе, лъачІого вирус букІиналдалъун цогидал гІадамазде бахинчІого букІиналъе.

Киса-кибего улкаялда хал кколеб буго хехаб куцалда вирус тІибитІун унтарал гІемерлъунгутІиялъе. Омикроналъул буго хехго тІибитІулеб ва бахунеб хасият. Гьединлъидал гьарула дагьабниги нужер хІал хисани, врачазухъе а,-ян.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 4
Хамиз
27 январь 2022 сон



## Состав рукӀалиде ккезабуна

Гьаб соналъул 24 январалда букӀана Унсоколо районалъул «Единая Россия» партиялъул бакӀалъулаб отделениялъул заседание. Гьениб рукӀалиде ккезабуна политсоветалъул состав, кӀвар буссинабуна отделениялъул жавабиял суалазде.



Халкъазда гьоркьосеб хӀал

# ХӀалуцин чучлъулеб гьечӀо

**Халкъазда гьоркьосеб политика цебетӀеялъулъ гӀемераб цӀияб жо босун бачӀана 202I соналъ. Гьел рукӀана гӀемерго батӀи-батӀиял. Гьале 2 соналъ инсаният инагьдизабулеб буго COVID-I9 пандемиялъ. Пачалихъазул нухмалъулез чӀахӀиял конструкциял лъолел руго лъикӀалги квешалги рахъал гӀумроялде рахъинариялъе, къеркьолел руго цере рукӀарал захӀмалъаби лъугӀизариялъе, цо-цояз цӀиял ралагьулел руго гьел.**

**Гьебго заманалда бихьулеб буго сверухъ бугеб ахӀвал-хӀал цӀакъго хехго хисулеб букӀин. Гьелда тӀадеги ахирисел ахӀвал-хӀалазда нилъ хадур гъолелцин гьечӀо.**

**Кин бугониги аралъул хӀисаб гьабулаго кумек гьабизе хӀалбихьулеб буго АНалъул гӀелмияв хӀалтӀухъан Андрей Володиница.**



202I сон лъугьана чӀахӀиял глоболиял проектал рижулеб сонлъун. США-ялъул гьединаб проект цебего букӀана. Гьелъие къимат кьезе бегьула Рах Атепса гӀадин, ай Америкаялъул къиматал жал дуньялалъулго гӀумроялъе къиматал жаллъун рикӀкӀин, гьединго планетаялдаго халкъал Цолъарал Штатазул гӀумро гьабизе тӀами. Гьелдаса бачӀараб буго Вашингтоналъул пачалихъияб асар цогидал пачалихъаздаги тӀибитӀизаби, ай гьелда гъоркье ккезари.

202I соналда бижана Китаялъул «Нового Шелкового пути» проект. 20I8 соналда гьелъ босана чӀванкъотӀараб план ва гьанже бихьизабулеб буго кин гьелда рекъон «цогояб тӀолгоинсаниаталъулал къиматал тӀуралел» абураб хӀасил. Пекиналда халкъазе лъикӀаблъун бихьизабулеб буго цоцалъ къацандичӀого, кинабго рахъалъ цоцазе кумек гьабулеб къагӀида цебетӀезабизе.

Гьале 202I соналда жидерго тӀадегӀанал проектазде рачӀана европаялъулал. Гьелда цӀар тана «Глобальное ворота»,-абун. Евросоюзалъул нухмалъулезул рагӀабазда рекъон лъикӀаблъун бихьизабулеб буго инфраструктура цебетӀезабизе, мискинал, амма церетӀолел улкабазда церетӀезаризе гуманитариял бухьенал. Гьел мурадазе хӀисабалде росун руго Ев. 300млрд биччазе, гьеб ккола 340 млрд. доллар.

Евроазийский интеграциялда рекъон РФялъул проект цебехун инчӀого цого бакӀалдаго чӀун буго заманаялда рекъон. Гьез цере инчӀого жидерго модель балагьулеб буго. ХӀалбихьи гьабуна соцлагералде инчӀел улкабазулгун цадахъаб хӀалтӀи гӀуцӀун, масала, Сингапуралъул, Ираналъул, Индиялъул. Евразиялъул интеграциялъул проект абуни цого бакӀалда чӀун хутӀун буго; щайгурелъул гьелъие стратегия хӀадурун гьечӀелъул. ЕАЭСалъе къучӀ лъураздацин гьелъул ккезесеб ахӀвал-хӀал лъалебги гьечӀо.

Гьедин «Вашингтон – Москва – Пекин» - лъабго букӀон гӀадин ккола, щайгурелъул Китайгун США къуватаб буго Россиялдаса экономикияб рахъалъ. ГьабсагӀаталда Москвалъул аслияб масъала буго къуватаб конструкция гьаби. Бихьулеб букӀахъе 2022 соналъ Россиялъ кӀвар кьезе буго политикияб рахъ цебе бачиналде. Гьезда цебе чӀун буго чанго масъала. Гьел ккола экономика щула гьаби, реконструктилизация, сырьеялъул рахъалъ чияда рангутӀи, жанисел продукцияби цӀикӀкӀинари. Дунялалдаго гӀемерал жал рарал рукӀине руго гьел суалал тӀуразариялда. Къокъго абуни нилъер геополитикаялъул аслияблъун нилъее гьабсагӀаталда буго экономикаялъул модернизация гьаби.

**США-ялъул ва Китаялъул дандерахъин**

США-ялъул президентлъун Д. Трамп вачӀаралдаса нахъего хӀалуцараб хӀал букӀана США-ялъулги Китаялъулги. Вашингтоналъ бича-хисиялъул жалазул рахъ лъазарун рукӀана гьездалъун, гьаруна батӀи-батӀиял технологиял гьезие риччаялъе дандечӀеял, къокъ гьаруна гуманитариял бухьенал. Байден вачӀун хадуб киналго рахъазул хӀасилал дагьалго гӀодоре ккана, товарооборот кӀиябго пачалихъалда рукӀалиде бачӀана. Гьелъ бихьулеб буго США-ги Китайги ракълиде рачӀун рукӀин. Гьезул гьоркьорлъабазда гӀемераб жо бан буго гьабсагӀаталда. Дунялалда лъалеб букӀахъе Китай лъугьина къуватаб улкалъун. Гьелъул позиция хӀисабалде босичӀого рес гьечӀо гьанже США-ялъеги.

США-ялъул хӀакъалъулъ абулаго, гьениб демократиялъул партия щущазабуна ва гьеб жинцаго хӀисаб кьезе кӀолареблъун лъугьана. Халкъияб политикаялда жаниб Байденил администрация кутакалда загӀипго буго, пачалихъалъе нухмалъи кьей нухмалъиялда бажарулеб гьечӀо. Гьедин дунялалъулго политикаялда США гӀемерго хӀаракатаб гьечӀо. Амма бичӀчӀулеб жо, гьел чӀунги рукӀине гьечӀо. Кин бугониги Америкаялъулги Китаялъул экономическиял рахъалъ цоцазе кумек гьарият рукӀине руго.

**Россиялъулги Западалъулги рагӀи данде ккунгутӀаби**

20I4 соналда байбихьараб РФялъулги Западалъулги хӀалуцин жеги рукӀалиде ккун гьечӀо. Россиялде гьоркьобе Крым бачиналъ хӀалуцана гьеб. Брюсселалда, Вашингтоналда ва Лондоналда цӀия-цӀиял санкциял лъуна нилъее, амма Москваялъ жаваб къуна «ХӀинкъуларилан». Гьелъ Россиялъул гӀор-хъабазда рагъулал хӀаял тӀоритӀун, нилъее хӀалхьи толеб гьечӀо гьез.

ЦӀакъго ахӀвал-хӀал хӀалуцине лъугьана араб соналъул ахиралда, гьедин гьабиялъе гьоркьобе бачун буго Украина. Гьерсилал, хӀиллаял хӀаял гьарулел руго гьелги гьоркьоре рачун нилъеда сверухъ, ай Россия кӀанцӀизе бугин Украиналде,-ян харбал риччалел руго. НАТО-ялъул чияда рачӀел улкабазда сверухъ гьабулеб хӀаракаталъул рахъалъ гӀемер лъазабуна Кремлялъ гьезда, амма Европа ва США нилъер предложениязда ва тезисазда разилъичӀо.

Гьаб соналда киналго ралагьун чӀун руго Байденилги Путинилги дандчӀваялъухъ. Гьел дандчӀваял рукӀине руго кутакалда хӀалуцарал.

Дин ва гӀумро

# Кида ва кив рештӀине вугев ГӀиса авараг (гӀ. с.)?

Ахир заманалъул хӀакъалъулъ харбал гӀемерлъидал раккулел руго Аллагьасул салам лъеяв ГӀиса аварагасул (Инжилалда рекъон Исус) хӀакъалъулъ суалалги. ГӀиса аварагас (гӀ. с.) исламалда жаниб хасаб бакӀ ккола. ЦохӀо гьев вуго ракьалде кӀицӀул витӀарав авараг – зобалазде вачиналде ва Къиямасеб къоялда цеве. Гьединго ГӀиса аварагас (гӀ. с.) инсаниятиалъул тарихалъе ахир лъезе буго ва ракьалда лъикӀлъиялъулги ритӀухълъиялъулги ханлъи чӀезабизе буго.

Исламалда рекъон, ГӀиса авараг (гӀ. с.) (Инжилалда хъван бугеб гӀадин) хъанчида ван вукӀинчӀо, гьев битӀахъе зобалазде БетӀергьансухъе вачун ана. Къуръаналдасан лъаралъ нилъеда бихьизабула гьев хъанчида ван хвечӀевлъи ва Аллагьасухъе вачун аравлъи. МацӀихъабаз Рималъул тӀадчагӀазухъе ГӀиса авараг (гӀ. с.) чияда бачӀеб иудеялъул ханлъун вахъине къачӀалев вугилан гьересиял харбал щвезаридал, солдатаз гьесул рукъ сверун ккуна. Гьеб заманалда ГӀиса авараг (гӀ. с.) жиндирго I2-I3 хӀварижгун цадахъ вукӀана.

ТӀадегӀанав Аллагьас гьел хӀавариюназул цоясул сипат ГӀиса аварагасулалда релъинабуна, гьел ратӀа рахъизе лъаларедухъ цоцада релъана. Цинги ГӀиса авараг (гӀ. с.) макьилъе кӀотинавуна ва рукъалъул тӀохалда каратӀги бахъун, гьедин кьижун вугев хӀалалъ зобалазде вачана. Гьелъул хӀакъалъулъ Аллагьас Къуръаналда абун буго (магӀна): «Аллагьас абуна: Я ГӀиса! Дица мун паракъат гьавила ва Дихъего вачина. Дица мун иман лъечӀездаса вацӀцӀад гьавила ва дуда хадур рилъарал Къиямасеб къоялде щвезегӀан иман лъечӀездаса тӀадегӀан гьарила» (Али ГӀимран, 3/55).

Гьединлъидал Къуръаналда ГӀиса авараг (гӀ. с.) тӀагӀиналъул ва нахъеги ракьалда рештӀине вукӀиналъул хъвараб, цӀикӀкӀун хӀакъикъаталда релъараб буго, гьелъул хӀакъалъулъ Инжилалда хъваралдаса.

Къуръаналда хасго кӀвар кьун буго ГӀиса авараг (гӀ. с.) кӀиабизеги ракьалда рештӀиналде. Гьесул гӀумроялда жаниб гьеб хӀужа лъугьине буго тӀоцебесеб нухалъ ракьалде вачӀиналдасаги цӀикӀкӀун кӀвар бугеблъун.

Аллагьас абун буго (магӀна): «Ва дида тӀад букӀине буго дунял дун гьавураб къоялъги хвараб къоялъги, Къиямасеб къоялъги, дун чӀаго гьавидалги» (Марьям, I9/33).

(Ахир 4 гьумералда)

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 4
Хамиз
27 январь 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере




# Профилактика ДТП

Каждый год в России в дорожно-транспортных происшествиях гибнет население маленького городка - 25 тыс. чел. В числе пострадавших могут оказаться наши родные и близкие, да и мы сами. Всего с начало года в России произошло 25 714 происшествий, что на 22,5 % меньше аналогичного периода прошлого года. Отметим, что количество ДТП в России снижалось в течении 5 лет, а в 2020 году был установлен пятилетний рекорд.

Основной причиной дорожно-транспортных происшествий является низкая дисциплина водителей, что выражается в сознательном пренебрежении правилами дорожного движения. И треть аварий — результат плохой подготовки водителей.

Законодательство постоянно ужесточает наказания для водителей, не желающих соблюдать общепринятые правила поведения в дорожном движении, как это видно из соответствующих статей Закона Российской «Об административных правонарушениях и правилах дорожного движения»

Масса нарушений ПДД свидетельствует о низкой культуре движения участников дорожного движения, о том, что созданная система государственного и общественного влияния на уровень информированности участников дорожного движения до сих пор была неэффективной. Однако опросы общественного мнения показывают, что люди не знают об опасности, потенциально присущей дорожному движению. Как автомобилисты, так и пешеходы надеются, что на них не повлияет вероятностная опасность. Если водитель часто нарушает правила дорожного движения и ничего плохого не происходит, он теряет способность адекватно реагировать на опасность. То же самое касается и пешеходов. Таким образом, ситуация усугубляется низким уровнем осведомленности граждан о безопасности дорожного движения.

Экономический ущерб от ДТП может достигать до 5% валового национального продукта (ВНП); в России в ДТП ежегодно погибает около 27 тыс. человек, ущерб от всех ДТП составляет около 2,5% ВНП России, за 5 лет ущерб экономике России составил 5,5 трлн, рублей, что сопоставимо со всеми затратами на здравоохранение за тот же период.

Обеспечение безопасности дорожного движения является сложной и многогранной проблемой. Пропаганда и правовое просвещение водителей, охватывающее широкую общественность:

Уточнение законодательства, государственных документов по безопасности дорожного движения, информирование граждан о дорожно-транспортных происшествиях и преступлениях, их причинах, условиях и последствиях, а также о проделанной и планируемой в будущем работе



по повышению безопасности дорожного движения. Это можно сделать через средства массовой информации (пресса, радио, телевидение), а также посредством устной рекламы (лекции, беседы, репортажи) и т.д.

В ходе проведенного анализа были установлены самые распространенные причины ДТП:

**Осознанное нарушение ПДД**. Находясь за рулем своей автомашины, мы ежедневно наблюдаем, как горе - водители пренебрегают знаками дорожного движения, не обращая внимания на цветовой сигнал светофора, «подрезают» других водителей, совершают маневры наобум, потому что им так удобно, неправильно перестраиваются в другой ряд или не дают перестроиться другому водителю.

**Несоблюдение дистанции.**

Опасная небрежность. Не имея достаточного пространства для экстренного торможения, водитель подвергает опасности собственную жизнь, пассажиров и остальных участников движения. И счастье, если авария закончится только потерей автомобилем товарного вида. Зачастую последствия более серьезны.

- Вождение в нетрезвом состоянии. Выпивший человек за рулем - добровольно записывается в убийцы, ну или в самоубийцы. Любитель алкоголя ставит свою привычку к «удовольствиям» выше, чем жизнь и здоровье других людей. И принцип «авось пронесет» срабатывает до поры до времени, но в итоге всегда заканчивается трагедией.

- **Выезд на полосу противоположного движения**. Такие нарушители беспечно играют в «русскую рулетку». Лобовое столкновение почти не оставляет шансов на жизнь. А сотни тысяч выживших «счастливчиков» — пересели из своих автомобилей в инвалидные кресла, пытаясь сэкономить минуты.

- **Превышение скорости**. Часто любители драйва оправдываются тем, что дорога была пуста, и они ничем не рисковали. Ничем...кроме собственной жизни. Внезапная поломка автомобиля, выбоина на дорожном полотне, лопнувшее колесо и предсказуемый финал. Который ясен абсолютно всем, кроме любителя превышать скорость.

- **Нарушение правил обгона.** Это нарушение, как это ни странно, чаще всего практикуют водители с большим стажем, и переоценив собственные возможности, попадают в аварию. Особенно опасно нарушать правила обгона на трассе с участвующим в дорожном движении большегрузным транспортом. Понятно, что любой, самой дорогой и прекрасной легковушке невозможно потягаться массой с груженой фурой.

- **Невнимательность**. Невнимательностью чаще всего грешат молодые мужчины. Разговоры по мобильному телефону, настройка радио, попытки разглядеть нумерацию домов на улице, и прочие действия, которые надо совершать, лишь припарковавшись в разрешенном месте — отвлекают внимание водителя от участия в движении и мешают адекватно оценивать обстановку на дороге.

Более 90% случаев смерти на дорогах происходят в развивающихся странах, на долю которых приходится менее половины всех дорожно-транспортных происшествий. На пешеходов, велосипедистов и мотоциклистов приходится почти половина смертей на дорогах мира и до 80% в развивающихся странах. Большинство убитых на дорогах — молодые люди. Дорожно-транспортные происшествия являются одной из главных причин смертности среди людей в возрасте от 10 до 24 лет.

**С. САИДОВ**
**Следователь СГО МВД России по Унцукульскому району, лейтенант юстиции**

## Объявление по общественному обсуждению

Уважаемые жители Унцукульского района!

В целях проведения общественного обсуждения формы проверочного листа (список контрольных вопросов), применяемого при осуществлении муниципального земельного контроля МБУ «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» Унцукульского района просит представить имеющиеся предложения или замечания по обсуждаемой Программе.

Проект программы размещен на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район» http://uncukul.ru в разделе «проекты НПА».

В этой связи, просим вас направить указанные замечания и предложения в МБУ «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» Унцукульского района по адресу: Унцукульский район, п. Шамилькала, ул. Махача Дахадаева, 3.

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

В целях соблюдения права человека на благоприятные условии жизнедеятельности, прав и законных интересов правообладателей земельных участков и объектов капитального строительства, руководствуясь ст. 39 градостроительного кодекса РФ, федеральным законом «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ» от 06. 10. 2003 г. № 131-ФЗ, администрации муниципального образование «село Гимры» извещает о проведении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка, принадлежащего гр. Магомедову Магомеду Алиевичу с кадастровым номером 05:35:000022:357 площадью 250 м$^2$, из категории земель – «личное подсобное хозяйство» на «Объекты дорожного сервиса с кодом 4.9.1», расположенного в с. Гимры Унцукульского района РД.

Публичное слушания назначены на 17.02.2022. г. в 11 часов 00 минут в здании администрации села

**Глава администрации МО «село Гимры»**
**МАГОМЕДОВ М. М.**

Дин ва гIумро

# Кида ва кив рештIине вугев ГIиса авараг (гI. с.)?



Гьаб аят тIадехун рехсараб «Г1али ГIимран» сураталъул 55 леб аяталде данде ккуни, гьениб жеги мухIкан гьабулеб буго ГIиса авараг (гI. с.) хун вукIинчIеблъи, гьай-гьай чIаго гьавичIевлъи. «Г1али ГIимран» сураталда бицунеб буго ГIиса авараг (гI. с.) БетIергьанасухъе вачун иналъул. «Марьям» сураталдайин абуни бицен гьабулеб буго ракьалда ГIиса аварагасул гIумроялъул. Гьедин иргадулаб нухалъ бичIчIизабулеб буго ГIиса авараг (гI. с.) гIицIго ракьалде кIиабилеб нухалъ рештIун хадув ва гьениб пуланаб заман бан гурони хвезе гьечIевлъи.

ГIиса авараг (гI. с.) ракьалде кIиабилеб нухалъ рештIин Къиямасеб къо гIагарлъиялъул гIаламатаздасан цояб ккола. Гьелъул хIакъалъулъ Къуръаналда абун буго (магIна): «ХIакълъунго гьев (ГIиса) сагIаталъул (Къиямасеб къоялъул) гIаламат вуго. КигIан дагьабниги гьелда щаклъуге ва Дида нахъ рилъа. Гьеб буго битIараб нух!» (Аз -зухруф, 43/ 6I).

Ракьалда киб бакIалда гьев рештIине вугевилан абураб суалалъе жаваблъун буго кIиго равият. Гьезул тIоцебесеб цIикIкIун машгьураб буго: ГIиса авараг (гI. с.) рештIине вуго Дамаскалда ГIуемадазул мажгиталъул югалъулаб бакътIерхьул минараялда аскIов.

Живго ТIадегIанав Аллагьасда гурони Къиямасеб къо чIолеб заман лъангутIиги хIисабалде босун, гьеб мажгиталъул имамас щибаб къойил цIияб халича тIамула гьеб минараялда гъоркь, ГIиса авараг (гI. с.) рештIине вугин абураб бакIалда. Биценазда рекъон ракьалде кIиабилеб нухалъ ГIиса авараг (гI. с.) рештIине вуго бусурбабазулги Дажалилги рагъалда цебе. ГIиса авараг (гI. с.) рештIине вуго рогьалил какил заманалда, бусурбаби кьалде рахъунеб къоялъ. «Гьел рагъде хIадурлъизе руго ва как базе эхетила. Икъаматалъул заманалда вачIине вуго ГIиса» (Муслим). Гьесда тIад букIине буго ракьул кьералъул кIиго партал.

Жибиридасан (р. гI.) бицараб хIадисалда буго гьесда аскIове ун, бусурбабазул цевехъанас имамасул бакIалда чIун какие имамлъи гьабеян абизе бугилан, амма ГIисаца авараг (гI. с.) инкар гьабилилан ва киналго бусурбаби гIадин, гьесда нахъа чIелилан. (Муслим).

КIиабилеб риваяталда рекъон, ГIиса авараг (гI. с.) кIиабизе ракьалде рештIине вуго Палестинаялда Аль-акъсаялда. Гьев ракьалде рештIин, цебе абухъе, Къиямасеб къо гIагарлъиялъул гIаламатаздасан ккола. Къуръаналда буго (магIна) «ГIиса вачIиналъ Къиямасеб къо щвеялъул лъазабила» (Аз -зухруф, 43/ 6I).

Гьесул аслияб кIвар букIине буго аварагасул гIадаб гуреб, щайгурелъул гьесие нухмалъи гьабизе буго Аллагьас ахирисев авараг МухIаммад (гIалайгьи свалату ва ссалам) гьоркьов ккун рештIараб Къуръаналъ. Ракьалде рештIиндал» ГIиса аварагас (гI. с.) Дажал чIвала ва ГIиса аварагасул (гI. с.) дугIаялдалъун инсаният ЯгIжуж-МагIжужалдаса хвасарлъила. Гьелдаса хадув гьев нухмалъулевлъун лъугьина ва ритIухъаб низам билъанхъизбила, пакъирлъи-мискинлъи тIагIинабила, бечедал-язихъал рукIинаро, киналго ращалъила.

ГIиса авараг (гI. с.) рештIун хадуб, инсаниялъул къисматалъул МухIаммад аварагасул (гIалайгьи свалату ва салам) кIвар киназдаго бичIчIун, ягьудиял ва насраниял хутIиларо, ай гьел ислам хIакъаб дин букIина лъе мукIурлъун, гьелда нахъ рилъина.

ГIиса авараг (гI. с.) ракьалде кIиабизе рештIиналда хурхарал лъугьа-бахъинал киналго рехсон руго хIадисазул машгьурал мажмугIазда.

Ибну ГIаббасидасан (р. гI.) бицараб цо кьучIаб хIадисалда буго ГIиса авараг (гI. с.) байбихьуда, 30 сонил ригьалда зобалазде вачине вугилан (Инжилалда 33 сонилан буго) ва кIиабизе ракьалде рештIиндал гьес жеги 40 сон базе бугилан. ГIемерисел исламиял гIалимзабаз, гьеб хIадисалъул кьучIалда хIасил гьабун абула ГIиса авараг (гI. с.) кIиабизе ракьалде вачIун хадуб херлъизегIан ракьалда вукIине вугин. Амма хвезегIан ракьалда чан сон гьес базе бугин абураб суалалда сверун цо ккураб пикру гьечIо.

Биценазда рекъон, хун хадув ГIиса авараг (гI. с.) вукъизе вуго Мадиналда, МухIаммад аварагасда (гIалайгьи свалату ва салам) аскIов. Аварагасул (гIалайгьи свалату ва ссалам) мажгиталъуб ГIиса авараг (гI. с.) вукъизе тараб бакIги буго.

**ГIабдулмухIсим**

## ТIад чIарав мурадалде щола



Шамиль МухIамадов 7 классалде щвезегIан цIалана Шамильхъалаялъул школалда, анкьабилелдаса II классалде щвезегIан лъай борхизабуна МахIачхъалаялъул № 9 профессионалияб лицеялда. Гьеб лъугIун хадуб документал кьуна Волгоградалъул (Волг ГАСУ) тIадегIанаб лъаялъул заведениялде.

«БакIал рай» бутIаялъул рахъалъ хIалтIи цIунулаго «МПК» «ГУДИЛЛ» ОООялдасан гьесие предложение бачIана гьеб кампаниялде хIалтIизе вачIа,-ян. (Гьеб кьолеб букIана диплом цIунулеб кафедраялъул препадавателаздасан).

Бакалаврит лъугIун хадув гьев цIализе лъугьана магистратураялде ва «Инженер инженерных изысканный» махщалида хIалтIизе лъугьана. ЛъагIалида жаниб лъикIаб хIалбихьиги щун гьев витIула техническияб отделалде надзорлъун.

Хадув Шамиль ИсмагIилович хIалтIана инженернияб изысканиялъул группаялъул нухмалъулевлъун ва хъвана «Обследование и экспертиза зданий и сооружений» темаялда магистратураялъул диссертация. Гьебги тIадегIанаб къиматазда цIунун, ахIана цIалул степень жеги борхизабиялъе цIализе. Хадув вачIана Дагъистаналде, тIамуна Правительствалъул тIоцевесев заместителасул кумекчилъун.

Сахлъи

## *Ургьимес ва гIадалзул нах*

### (Кинаб гьениб бухьен бугеб?)

Абула ургьимес лъикI хIалтIиялда бараб бугин чиясул черхалъул сахлъи,- абун

У, гьедин буго гьеб. ГьечIо цониги функция ва реакция бакь-кIачалъул флораялда бачIеб. Гьеб гIуцIараб куцалъулги микроорганизмабигун рекъеялъги бицуна чиясул чорхол хIал, гьесул гъира-цIа, гIемерисел унтаби церетIеялъе ахIвал-хIал ва гIумроялъул халалъигицин. ГIадада гуро гIемерисел гIумро халатазул бакь-кIач сахлъи бугеб букIунеб. Гьениб лъугьунелъулха сахаб гIумро букIиналъул хIажатал жал. Гьел ккола витаминалги, гормоналги, аминокислотабиги, иммунитеталъул регуляторалги, рухI-жан, обмен веществ. Бакь-кIачалда жаниб бугеб микроорганизмазе гIумро гьабиялъеги, ва гIадалзул нах хIалтIиялъеги чара гьечIого хIажатаблъун ккола нилъеца кваналеб квен.

Абула депрессияцин лъугьине бегьулин бакь-кIачалда жаниб,-абун. Гьеб лъугьиналъе квербакъула рохел кьолеб гормон суготонин ва макьил гормон мелатанин лъугьиналъе, пашманлъиялъе сбой кьеялъеги.

Нобелевасул лауреат Илья Мечниковас гьанжеялдаса нусго соналъ цебе хъвана къадарал бактериязул хутIелаз лъугьинабулин кIудияб бакьида бактериял, гьелъго лъугьунел руго бидурихьазул атеросклероз,-абун. Гьел бактерияз къватIире кьола заралиял ядал, гьелъ унтизарула бокьарал бакIал. ЧIезарун руго аллергия, астма, гипертония, ццидал къвачIаялъул унтаби, аутизм, Альцгеймерил унти, ракалъул цо-цо рахъал рарал ругин чехь-бакьалъул флораялда,-абун.

Цойги биологиялъулаб рахъалъ хIаракатаб вещество лъугьуна бакь-кIачалда жаниб. Гьеб ккола газ, азоталъул акциз. Бидулъеги лъугьун гьелъ гIахьаллъи гьабула нервабазде импульсал кьеялъулъ, гьелъ рекъезабула бидурихьазул тонусги.

**«Айболит» газета**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 1. 26. 2022 г. 17.40
фактически -18. 20 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.